

**AVI REFERANDÒM ELEKSYON ESPESYAL  
POU AMANDE KONSTITISYON VIL MIAMI  
KI VA FÈT MADI 8 NOVANM 2022  
NAN VIL MIAMI, FLORID  
DAPRÈ RESOLISYON NIM. R-22-0262**

Nou fè tout moun konnen ke gen yon Referandòm Eleksyon Espesyal ki va fèt madi 8 novanm 2022 soti 7:00 A.M. rive 7:00 P.M. nan Vil Miami, Florid, nan biwo vòt ki nan plizyè sant elektoral Referandòm Eleksyon Espesyal ke Sipèvizè Eleksyon Konte Miami-Dade, Florid la deziyen, jan sa endike la a, amwens ke lalwa prevwa otreman, epi soumèt kesyon sa a bay elektè Vil Miami, Florid ki kalifye yo:

**“Èske Konstitisyon Miami an ta dwe amande pou otorize Vil la amande lwaye Hyatt avèk HRM Owner LLC a, ki gen ladan pwopriyete Knight Center, pwolonje li pou 99 ane, anile òf, epi egzije gratis pou vil la:**

- **Espas piblik devan rivyè a;**
- **Nouvo Hyatt Hotel, pakin adisyonèl, espas konvansyon, ak apatman;**
- **Ogmantasyon lwaye anyèl pou Vil la soti \$250,000 rive a yon minimòm \$2,500,000 oswa 2.5% revni brit, kèlkeswa sa ki pi elve a;**
- **Minimòm \$25,000,000 kontribisyon pou lojman abòdab;**
- **Ekstansyon zòn pwomnad piblik bò rivyè a?”**

Amanman Konstitisyonèl sa a va amande Seksyon 29-B Konstitisyon Miami an pou otorize Komisyon Vil la anile pa yon vòt afimatif kat senkyèm (4/5yèm) yon òf konpetitif, egzekite yon kontra lwaye amande epi ki retabli lwaye avèk HRM Owner LLC, pou bay HRM Owner LLC yon dire kontra ki pa depase katrevendisnèf (99) ane, pou gen ladan pwopriyete adjasan James L. Knight Center a, ki ofri lwaye a pri mache ki gen ladan pi gran patisipasyon lwaye a 2.5% revni brit ak pri lwaye anyèl ki te ogmante soti \$250,000.00 rive \$2,500,000.00, epi tou mande pou lokatè a redevlope pwopriyete a epi mete ladan yon otèl 615 kle, yon espas konvansyon/reyinyon 188,000 pye kare, 682 apatman, pakin, yon kontribisyon \$25,000,000.00 pou lojman abòdab a Vil la, espas vèt piblik adisyonèl ak yon Riverwalk agrandi ak lajan pa li epi san Vil la pa peye anyen.

Dapre òdonans Komisyon Vil Miami, Florid.

Rezolisyon Nim. R-22-0262 disponib sou sit entènèt Biwo Grefye Vil la nan (<http://miamigov.com/elections>) ansanm ak enfòmasyon adisyonèl ki gen rapò ak Eleksyon Espesyal Vil Miami 8 novanm 2022 a.



Todd B. Hannon  
Grefye Vil  
Ad No. 40186